# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क संस्कृति आ पर्यटन मंत्री जयवीर सिंह कहलें हवें कि प्रदेस में हर क्षेत्र में तेजी से विकास भइल हौ। ई प्रदेस अब बेमारू राज्य के दायरा से बाहर हो गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के केसिस से ईहां सुसासन स्थापित भइल हौ। श्री जयबीर सिंह आजु से गोरखपुर के चम्पा देवी पारक में सुरू भइल गोरखपुर महोत्सव के उद्घाटन कार्यकरम में बोलत रहलें। उहां के कहलीं कि विकास अउर सुसासन से प्रदेस में पर्यटन उद्योग तेजी बढ़ल हौ।

**लंबी छलांग लेते हुए वो प्रदेश जिन प्रदेश को लोग बिमारू राज्य कहा करते थे। जिस प्रदेश को लोग दिन हीन मानते थे। जिन प्रदेश में बारे में कहा करते थे कि उत्तर प्रदेश की छिनैती, डकैती, लुटैती कोई दूर नही कर सकता था। येह से प्रदेश को आज हर क्षेत्र में चाहे लॉ इन आर्डर का हो डेवलपमेंट का हो हर क्षेत्र में जिस तरिके से नये नये कीर्तिवन आदरणीय योगी जी के नेतृत्व में उत्तर प्रदेश में हुए है। ये सबको और खास रूप से उत्तर प्रेश भारतियों को गौरववान्वित करने वाले है।**

पर्यटन मंत्री बतउलें कि प्रदेस में अबले 173 करोड़ पर्यटक आ चुकल हवें। उहां के कहलीं कि गोरखपुर महोत्सव पूर्वांचल क पहिचान बनि गइल हौ। उद्घाटन कार्यक्रम में सांसद रवि किशन आउरि महापौर डाक्टर मंगलेश श्रीवास्तव समेत कई गो जनप्रतिनिधि मौजूद रहलें। ई महोत्सव सात दिन ले चली।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्या कहलें हवे कि 'मनरेगा के' विकसित भारत जी राम जी अधिनियम में बदलले से रोजगार क गारंटी बढ़ल हौ। एकरे तहत 100 के बजाए 125 दिन क रोजगार क गारंटी दिहल गइल हौ। श्री मौर्या आजु बनारस में संवाददाता लोगिन से बतियावत रहलें। उहां के बतउलीं कि येह नया अधिनियम में मजुरहन के समय से भुगतान क व्यवस्था कइल गइल हौ। ओहर महराजगंज में संवाददाता लोगिन से बतियावत प्रदेस सरकार क मंत्री दया शंकर मिसिर–दयालु जी राम जी अधिनियम के पारदरसी बतउलें। उहां के कहलीं कि मनरेगा के तमाम कमियन के येह में दूर कइल गइल हौ। श्री मिसिर कहलें कि जी राम जी योजना में काम भइले के 60 दिन के भित्तर भुगतान क व्यवस्था हौ। जे त एतना समय में भुगतान नाही हो पावत हौ, त मजुरहन के मिले वाली मजूरी के बयाजों दिहल जाई।

**********

सोसल मीडिया प्लेटफॉर्म **एक्स** मनले हौ कि सामग्री के मानक के अनुसार बनाए रखले में ओहसे गलती भइल हौ। ई मामिला तब उजागिर भइल जब इलेक्ट्रॉनिकी अउर सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालय 'एक्स' के नोटिस भेजि के अस्लील सामग्री हटावे के कहलसि। एगो रिपोर्ट–

**एक्स के मुख्य अनुपालन अधिकारी को लिखे पत्र में मंत्रालय ने कहा था कि उपयोगकर्ता ग्रोक एआई का इस्तेमाल महिलाओं की अश्लील तस्वीरें और वीडियो बनाकर साझा करने के लिए कर रहे थे। मंत्रालय ने कहा कि इस प्रकार की आपत्तिजनक सामग्री को एक्स पर स्थान देना सूचना प्रौद्योगिकी अधिनियम और आईटी नियम का उल्लघंन है। सरकारी सूत्रों के मुताबिक एक्स ने जांच के बाद लगभग तीन हजार 500 सामग्री को ब्लॉक कर दिया है और 600 से अधिक अकाउंट हटा दिए गए है। सूत्रो ने कहा कि एक्स ने यह आश्वासन भी दिया है कि वह भविष्य में आपत्तिजनक सामग्री डालने की अनुमति नहीं देगा। विष्णु की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से मनोज।**

**********

प्रदेस में पर्यटन सुविधा बढ़ावे बदे यूपी पर्यटन विभाग 'होम स्टे' अउर ब्रेड एंड ब्रेकफास्ट योजना परि 14 से 30 जनौरी ले प्रदेस व्यापी जागरूकता अभियान चलाई। ई अभियान प्रदेस के सज्जों प्रमुख पर्यटन जगहिन वाले सहरन में चलावल जाई। येह में योजना के परचार– परसार के साथे लंबित परस्तावन क जांचि कइ के सही आवेदकन के जुरते रजिस्ट्रेशन सर्टिफिकेटों दिहल जाई। विभाग येह अभियान बदे हर जिला में 2 लाख रूपिया क बजट तय कइले हौ। जउने के जागरूकता अउर परचार परसार पर खरच कइल जाई।

**********

प्रधानमंत्री क 'परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम' बदे येह बरिस अबले 4 करोड़ से बेसी पंजीकरण हो चुकल हौ। ई आंकड़ा पछिला बरिस क 3 करोड़ 56 लाख क गिनीज वर्ल्ड रिकॉर्ड के पार कर चुकल हौ। केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान बतउलें कि ई पहल वार्षिक संवाद कार्यक्रम से आगे बढ़ि के विद्यार्थियन बदे परीक्षा क तनाव दूर करले क राष्ट्रव्यापी आंदोलन बनि चुकल हौ।

**********

इंडिया स्किल्स प्रतियोगिता 2025 क तहत लखनऊ में बिहने से 23 जनौरी ले एडिटिव मैन्युफैक्चरिंग, इलेक्ट्रॉनिक्स, फैशन टेक्नोलॉजी समेत कुलि 20 कौसलन में राज्य स्तरीय कम्पटीसन आयोजित कइल जाई। प्रदेस क व्यावसायिक शिक्षा, कौशल विकास आ उद्यमशीलता राज्यमंत्री कपिल देव अग्रवाल बतवलें कि इंडिया स्किल्स प्रतियोगिता 2025 बदे प्रदेस में 1 लाखि 9 हजार 2 सौ 49 अभ्यर्थी पंजीकरण करवले हवें।

**********